# ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ӘМЕЛИЙ - БЕЗЕЎ ӨНЕРИ ГИЛЕМ ҲӘМ ГИЛЕМНЕН ИСЛЕНГЕН БУЙЫМЛАР

**Т.В.Уразимова –** *көркем-өнер таныў илимлериниң кандидаты, доцент*
**К.Бекжанов –** *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** қорақалпоқ халқнинг амалий безаш санъати, гилам ва гиламдан ишланган буюмлар, техника, композиция, нақш.

**Ключевые слова:** декоративно-прикладное искусство каракалпакского народа, ковры и ковровые изделения, техника, композиция, орнамент.

**Key words:** decorative and applied art of the Karakalpak people, carpets and carpet products, technique, composition, ornament.

Қарақалпақлар – Орта Азиядағы, тарийхый өзгерислер, өзлериниң хожалық жүргизиў искерлиги, географиялық ҳәм диний факторлардың тәсири астында қәлиплескен бай мәдениятына ийе, әййемги, өтмиште көшип-қонып жасаған халықлардың бири.

Қарақалпақлардың әмелий безеў көркем өнери, әпиўайы, күнделикли турмыста пайдаланылатуғын буйымларды безеўден баслап өзиниң көркемлик жетиклиги бойынша көркемлик әҳмийетке ийе болған көркем өнер дөретпеси дәрежесиндеги шығармаларға шекемги ҳәр қыйлы көркем өнерлердиң кең көлемин өз ишине алады. Өзиниң мәниси бойынша, әмелий безеў көркем өнер миллий дәстүрлердиң бир көриниси болып табылады ҳәм миллий өзгешеликти көрсетеди. Әмелий безеў көркем өнер буйымлары, олар бойынша биз адамлардың тек ғана өмири ҳәм күнделикли турмысы ҳаққында емес, ал, заманның көркемлик қызығыўшылықлары, нелердиң абзал көрингенлиги ҳәм талаплары ҳаққында айтыўымызға мүмкиншилик беретуғын, баҳалы тарийхый естеликлер болып табылады [1:99].

Қарақалпақлардың әмелий безеў көркем өнери ҳаққында сөз ете отырып, оның түкли гилем тоқыў, нағыслы тоқымашылық, кестелеп нағыс салыў (тийкарынан кийимлерге), аппликация (құрақ тоқыў), зергерлик безениў буйымлары, металлдан исленген буйымлар, териге басып нағыс салыў ҳәм кестелеп нағыс салыў, ағашқа ойма нағыс салыў, қол өнери менен гезлеме ислеў сыяқлы түрлери ҳәм усылларын атап өтиўге болады.

Биз мақаламызда қарақалпақлардың әмелий безеў көркем өнериниң тек ғана бир түрине – гилемлер ҳәм гилемнен исленген буйымларға тоқтап өтемиз. Өзиниң атқаратуғын хызмети бойынша гилемлер, сөзсиз түрде биринши гезекте пайдаланыўға жарамлылық, оннан кейин декоративлик, ҳәм соның менен бирге нағысларының мәниси бойынша кәраматлы-қорғаўшылық ўазыйпаларын атқарды. Ислеп шығарылыўының усыллары бойынша қарақалпақ гилемлери үш түрге ийе болды: түксиз (ямаса терме), түкли ҳәм аралас усылда орынланған.

Гилем – гилемнен исленген буйымлардың ең кең таралған түри. Ол тийкарынан еки түрге бөлинеди: түкли гилем (ғалы) ҳәм түксиз гилем (палас). Гилемлердиң тийкарғы нағыслары сегиз қырлы гүл, қосмүйиз, үшмүйешликлер, атанақлар. Шашақлы гилем (қарақалпақ тилиниң арқадағы диалекти) – гилемниң бир түри болып табылады.

Түксиз тоқымашылық буйымларына қызыл басқур, ақ қур, қызыл қур, дизбе жатады. Палас – түксиз гилем (ямаса тақыр гилем). Олар реңи ҳәм үлкенлиги ҳәр қыйлы болған геометриялық фигуралар менен безелген болып, Орта Азия, Қазақстан, Украина, Түркия, Иран, Ҳиндистан халықлары арасында кең тарался. Тоқымашылықтың бул түринде қолланылатуғын тийкарғы нағыс элементлери сыпатында зооморфлық ҳәм геометриялық мотивлерди, ромб тәризли түрлерди ҳәм көбирек дәрежеде мүйиз түриндеги нағыслардың ҳәр қыйлы вариантларын атап өтиўге болады. Булардан тысқары төмендеги нағыс түрлеринен де пайдаланылған: «салма» (суўғарыў арнасы), «қус қанат», «түйе табан» («өгиз сыйрақ»), «дизбе», «ғарға тырнақ», «қумырысқа бел», «қурбақа нағыс»[1:31-37; 4:36]. Ишине керек жарақ затлар салынып сақлаўға арналған, сопақ ҳәм төменги тәрепи үшмүйешлик түринде питкерилген қоржын (қалта) – боғжама да түксиз гилем тоқыўшылық усылында исленеди.

Алаша – түксиз гилем тоқыў усылында ислеп шығарылған қурдың бир түри. Нағыслар менен (қумырысқа бел, қус қанат, тарақы нағыс) безелген алашаның ҳәр қыйлы түрлери дийўалға илдирилип қойылатуғын болған. Тек ғана түрли реңдеги сызықлар менен безелген алашалар еденге төселген. Термеалаша (қарақалпақ тилиниң арқадағы диалекти) – нағыслы алашаның бир түри.

Булардан тысқары түксиз гилем тоқыўшылықтың қаршын (кийим сақлаўға арналған қалта), жүк, есик қас (қара үйдиң есигин безеп туратуғын гилемше) сыяқлы түрлери де бар. Қоржын – затларды атта алып жүриўде пайдаланылатуғын, төртмүйешли формадағы, еки жағы теңдей қалта. Оның оң (алды) тәрепи түкли гилем тоқыў усылында орынланған нағыслар менен безелген (қоржынның түксиз гилем тоқыў усылында орынланған вариантлары да ушырасатуғынлығын айтып өтиўимиз тийис). Керги – хожалыққа керек-жарақ затлар салынып, илдирилип қойылатуғын қалтаның ямаса декоратив гилемшениң бетиндеги қапламасы. Керги ҳәр қыйлы хожалық буйымларын салып қойыў ушын пайдаланылған, кейин ала ол тек ғана декоратив безеў буйымы ўазыйпасын атқаратуғын болып қалған. Қаршын – кийимлерди жыйнап сабаяққа (ағаш сандық – шкаф) тақлап салып қойыўға арналған қалта. Оның бети түкли гилем тоқыў усылында орынланған нағыслар менен безелген. Айырым халықларда қаршын – мафрамач, қарчин (өзбеклерде, түркменлерде), чавадан (қырғызларда) деп аталған. Қаршынды безейтуғын тийкарғы нағыслар – ортасына атанақ мотиви жайластырылып шетлери майда алты қырлы нағыс пенен қапланған, сегиз қырлы нағыс. Қаршында қолланылатуғын нағыс мотиви – бул «гүл нағыс» («қаршын нағыс», қарақалпақлардың арқа ҳәм қубла диалектлериндеги өзгешеликлер себепли ҳәр қыйлы аталады.) Соның менен бирге бул нағыслаў мотиви бир неше вариантларда (бир қатарлы, еки қатарлы, үш қатарлы аршын) орынланған.

Бул нағыс мотивлериниң бир-биринен айырмашылығы нағыслы медальонлардың санының көбейтилиўинде болып, биринши жағдайда 5 тен-6 ға шекем «гүл», екинши жағдайда ҳәм, 10 ямаса 11 жуп «гүл» болып, соңғы жағдайда олар шахмат тәртибинде жайластырылады. Текше-текше етип жайластырылған, он алты мүйешли, узынына созылып кететуғын медальон вариантын да усы қатарға қосыўға болады. Есик қастың нағыслы композициясы, ишине ромблар жайластырылып орынланған ҳәм бирлестирилген бир қатар сегиз мүйешли медальонлар көринисине ийе.

Булардан тысқары қаршынның безелиўиниң және еки варианты болған: 1) шүйт қаршын (мағлыўмат бериўшилердиң сөзине қарағанда бул нағысты шүйт қызлар ислеген); 2) тай туяқ қаршын (тайыншақтың туяғы көринисиндеги нағыс).

Тоқымашылықтың аралас техникасы нағыслап тоқылған жолақларда (енсиз узын гилемшелерде) – ақбасқурда (баслы, ақ белбеў), жанбаўда (ишки жанбаў)

кең қолланылған. Ақбасқурлардың декоратив безелиўи нағыслы элементлер көринисине ийе болып, тийкарынан еки вариантта орынланған. Олардың биреўинде нағыслы мотивлер қайталанбайтуғын бир ўақытта, екиншисинде олар жуп-жуптан жайластырылады. Ақбасқур, қурлардың арасындағы, нағыслары ишке қаратылып қара үйди орап туратуғын ҳәм қызыл басқурдан жоқарыда жайластырылатуғын, ең жақсы безелгени ҳәм енлиси. Ақбасқурдың ени 50 см, узынлығы 12-13м. Нағыслар ортадан баслап жайластырылады ҳәм еки шетине қарай қайталанады.

Қара үйдиң ишки тәрепинен жақсы көринип турады. Түкли гилем тоқыўшылық усылында, ақ пахталы гезлемеге ҳәр түрли реңдеги жүннен исленген сабақлар менен тоқылып орынланады.

Ақбасқурлардан айырмашылығы, жанбаў шетлери жипек сабақлардан исленген шашақлар ҳәм өрилген декоратив түйинлердиң бир ямаса бир неше қатары менен безелген бирқанша жиңишке жолақлар көринисине ийе. Жанбаў – ишки ҳәм сыртқы болып – еки түрге бөлинеди.

Жанбаў – қурастырылған қара үйдиң тийуарғы тулғасын (конструкциясын) беккем услап турыў ҳәм декоратив безеў ушын қолланылатуғын, түксиз гилеам техникасында орынланған нағыслы қур. Баў-шуў – қара үйдиң конструкциясын беккемлеп қурастырыўда қолланылатуғын қурлардың әпиўайы (қарапайым халық тилинде) аталыўы. Белдеў – қара үйдиң диаметри бойлап, керегениң сыртын қаплап турған шийлерди (қамыс шыптаны) услап туратуғын қур. Ени 30-40 см, әлбетте нағыслы болыўы шәрт. Белдеўдиң тийкары пахтадан таярланған, нағыслы түрли-түсли реңлердеги жүннен исленген сабақлардан орынланған. Белжип – қара үй қурастырып болынғаннан кейин оның «белинен буўып» туратуғын нағыслы қур. Белжиптиң узынлығы ақбасқур ҳәм белдеўдиң узынлығына ылайық болады, ени 30-40 см. Ақ пахтадан исленген тийкарға жүннен исленген ҳәр түрли реңдеги сабақлар менен, түкли гилем усылында нағыслар тоқылады. Еки ушы түксиз нағыслар менен питкериледи. Атына қарағанда бурынлары белжиптиң орнына әпиўайы жип пайдаланылған болыўы мүмкин.

Есик қас – қара үйдиң есигиниң декоратив безелиўи болып табылатуғын, қара үйдиң есигиниң үстиндеги жиңишке гилемше. Есиктиң жоқарысына, нағысы үйдиң ишине қаратып орнатылады. Есик қас мүйиз сыяқлы нағыслар менен қоршалған ромб түриндеги нағыслар менен безелген [4:52-53].

Қарақалпақ гилем тоқыўшылығы, халық өнериниң көплеген әсирлер даўамында қәлиплескен, ең қызықлы түрлериниң бири. Қарақалпақлардың әмелий безеў көркем өнери, бирин-бири толықтырып туратуғын көркемлик элементлердиң бирлескен жыйындысы (комплекси) көринисине ийе, ол улыўма «Инсан-Тәбият-Мәдeният» системасына жарасықлы үйлесип, тәбийғый орталық пенен тығыз байланыста. Жасайтуғын үйи, күнделикли турмыста пайдаланатуғын буйымлары, кийимлери, безениў буйымлары ҳәм т.б. қарақалпақлардың мәдений миллий өзгешелигиниң жарқын көриниси (сүўретлениўи) болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Уразимова Т.В. Конструктивные и декоративные особенности каракалпакской юрты. //Научный журнал. –Москва: 2016 № 7 (8). -С. 99-101.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола қорақалпоқ халқининг ва хусусан гилам ва гилам маҳсулотларининг декоратив безаш санъатининг долзарб масалаларига бағишланган. Ушбу ишда гилам санъатининг ишлаш техникаси, фойдаланиши, композицион ва колористик хусусиятлари, гиламда ишлатиладиган нақшлар аниқланади.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена вопросам декоративно-прикладного искусства каракалпакского народа, и в частности коврам и ковровым изделиям. В работе раскрыта специфика техники изготовления, применения, композиционным и колористическим особенностям, орнаменту используемому в ковроделии.

**SUMMARY.** The article is devoted to the issues of decorative-applied art of the Karakalpak people, and in particular carpets and rugs. The work reveals the specificity of manufacturing techniques, applications, compositional and coloristic features, and ornaments used in carpet weaving.

## ТЕХНОЛОГИК ТАЪЛИМ ЎҚИТУВЧИЛАРИНИНГ КАСБИЙ ИЖОДКОРЛИГИНИ РИВОЖЛАНТИРИШДА АКМЕОЛОГИК ЁНДАШУВНИНГ ЎРНИ

**Н.Н.Утаева –** *таянч докторант*

*Т.Н.Қори Ниёзий номидаги Ўзбекистон Педагогика фанлари илмий тадқиқот институти*

**Таянч сўзлар:** акмеология, акмеолигик ёндашув, қобилият, ижод, ижодий, технологик, фаолият, ижодий фаолият, касбий жиҳат, фундаментал билим, таълим сифати.

**Ключевые слова:** акмеология, акмеологический подход, способность, творчество, творческий, технологический, деятельность, творческая деятельность, профессиональный аспект, фундаментальные знания, качество образования.

**Key words:** acmeology, acmeological approach, ability, creativity, creative, technological, activity, creative activity, professional aspect, fundamental knowledge, quality of education.

Мамлакатимиз ҳаётининг барча соҳаларида юз бераётган ислоҳотлар қаторида, таълим-тарбия соҳасини такомиллаштириш, фанларни ўқитиш сифати ва самарадорлигини ошириш, таълим муассасаларида замонавий шарт-шароитлар яратиш, педагог кадрлар салоҳиятини кўтаришга қаратилган бир қатор ислоҳотлар олиб борилмоқда.

Бу борада давлатимиз раҳбари Шавкат Мирзиёев ҳам кўп маротаба: "Одамларимиз ислоҳотлар самарасини келажакда эмас, балки бугун ўз ҳаётида ҳис этишлари зарур" деб бежиз таъкидламаганлар.

Шунингдек, жорий йилнинг 28 январида Ўзбекистон Республикаси Президентининг "2022-2026-йилларга мўлжалланган Янги Ўзбекистоннинг тараққиёт стратегияси тўғрисида"ги 60-сонли Фармонида ҳам таълим сифатини ислоҳ қилиш ҳамда кадрлар тайёрлаш сифатини ошириш бўйича бир қатор мақсад ва вазифалар белгиланди [1].

Зеро, жадаллик билан ҳар соҳа ривожланаётган бугунги кунда технологик таълим ўқитувчиларини ҳам касбий жиҳатдан ривожланиши, касбий маҳоратини, ижодкорлигини ривожлантиришга эътиборни янада кўпроқ қаратиш лозимлигини тақозо этади. Бу эътибор ва талабни амалга оширишнинг муҳим омилларидан бири, бўлажак технологик таълим ўқитувчиларини касбий тайёрлаш, таълим бериш жараёнига акмеологик ёндашувини шакллантириш ҳамда таълимни сифат жиҳатидан юқори даражага кўтариш зарурлигини кўрсатади. Технологик таълим ўқитувчиларини акмеологик ёндашув асосида касбий тайёргарлигини шакллантириш, турли қирраларини ҳисобга олган ҳолда ижодий қобилиятларини очиш ва ривожлантириш зарур.

Акмеология сўзининг луғавий жиҳатдан маъносига тўхталсак, акмеология - юнонча акме – етуклик, чўққи, камолот, юксалиш, логос – таълимот – инсоннинг касб-ҳунарни эгаллашда юқори чўққига интилиши тушунилади.

Ушбу атамага педагогик атамалар луғатида инсонни ўз тараққиёти динамикасида такомили ҳамда турли